



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 1 oktòb 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO FIKSE OBJEKTIF KI PI ELVE NAN KONTRA ETA AVÈK MWBE NAN PEYI A NAN 30
POUSAN - KÒM ETA DEPASE 20 POUSAN NAN OBJEKTIF KI TE IKSE NAN PREMYE DISKOU ETA SOU
SITIYASYON ETA**

***Gouvènè Cuomo di New York kounye a 'Fikse objektif yo menm piwo' apre yo fin anrejistre 25 pousan
rekò nan antrepriz Minorite – ak sa Fi posede (MWBE) nan Kontra Eta ane fiskal 2013-14***

***Chif rekò yo reprezante yon ogmantasyon enpòtan de 10 pousan itilizasyon pousantaj kontra eta avèk
MWBE lè Gouvènè Cuomo te antre nan administrasyon an nan ane fiskal 2010-11***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke administrasyon li a ap ogmante dramatikman objektif li pou antrepriz minorite ki posede pa fi (MWBE) itilizasyon kontra eta a 30 pousan – kòm nouvo done ki te pibliye jodia te montre ke Eta New York te lwen pou depase objektif orijinal 20 pousan ki te fikse nan premye diskou eta sou sitiyasyon eta. Objektif 30 pousan sa reprezante pi wo sib nan peyi a pou nenpòt gouvènman eta.

Gouvènè Cuomo te fè anons nan kòmansman katriyèm fowòm [anyèl MWBE](#) nan Albany – kote li te devwale nouvo done rekò MWBE itilizasyon kontra eta de 25 pousan nan Ane fiskal 2013-14 – sa ki reprezante yon total preske \$2 bilyon dola nan kontra yo. Chif sa monte dramatikman de 10 pousan nan itilizasyon pousantaj kontra eta MWBE nan ane fiskal 2010-11 lè Gouvènè Cuomo te antre nan administrasyon an.

“Diskriminasyon ak rasis bèl e byen vivan e li ilegal. Gouvènman gen yon obligasyon afimatif pou l fè sa ki pa bon yo vin bon, e nou bezwen gen menm kouraj sa pou n ranfòse lwa sa yo tankou jan nou fè avèk lwa kriminel ak dwòg,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Premyèman nou te travay san relach pou fikse pwogram MWBE, chèche objektif ki te fikse pou pwogram lan avèk sa ki te aktyèlman reyalize. Nou te depase objektif nou nan kontra eta ki al jwenn kontraktè MWBE yo, soti a 20 pousan pou pase a 25 pousan –sa a se \$2 bilyon dola ki pi wo nan peyi a. New York te fè anpil bagay men nou gen anpil bagay pou n fè toujou, e se poutèt sa nou fyè pou n anonse yon objektif 30 pousan, sa ki piwo nan Etazini pou kontinye pwogrè ak elan sa epi asire ke MWBE yo plènmman reprezante nan eta sa a.”

Haitian Creole

Nan 2011, Gouvènè Cuomo te etabli pa lòd egzekitif yon ekip nan tout eta pou eksplòre fason pou elimine baryè yo ak elaji patisipasyon MWBE yo nan kontra eta a. Twa ane apre, ekip MWBE a te pouse yon kantite inisyativ esansyèl, tankou yon sistèm rapò sou entènèt amelyore, yon pwosesis sètifikasyon modènize, ak yon ogmantsyon yon seri inisyativ sansibilizasyon, ede ogmante itilizasyon MWBE ki depase objektif 20 pousan objektif ke Gouvènè a te tabli nan premye mesaj State of the State li a.

Anons Gouvènè Cuomo a te vin nan ouvèti [Katriyèm Fowòm Anyèl MWBE](#) Eta New York la nan Empire State Convention Center a nan Albany. Fowòm nan, kap deroule jiska 2 Oktòb bay MWBE ak ti biznis kap parèt yo avèk yon opòtinite pou aprann osijè pwosesis acha Eta New York, opòtinite kontra eta, epi konekte avèk sektè piblik ak prive moun kap pran desizyon yo pou elaji biznis yo epi ogmante konpetitivite. Objektif fowòm lan se pou rann pwosesis pou fè biznis avèk Eta pi fasil ak pou sèvi tankou yon “gichè inik” ki prezante opòtinite ekspansyon biznis ak kontra pou MWBE ak ti biznis yo.

Pandan sesyon ouvèti fowòm MWBE, Alphonso B. David, Sekretè adjwen ak konseye pou dwa sivil, te souliye twa inisyativ ke Gouvènè Cuomo te lanse depi Janvyè ki vize pou kontribye a patisipasyon MWBE yo nan kontra Eta New York – ansanm avèk pwogrè ki te deja fèt jiska dat.

- Gouvènè Cuomo te anonse pandan diskou 2014 Eta sou sitiyaasyon Eta yon objektif pou ogmante sètifikasyon MWBE yo pa 2,000 konpayi adisyonèl. Depi Gouvènè a te delivre diskou ane sa sou sitiyaasyon Eta nan dat 8 janvyè Eta te deja ogmante ekip MWBE sètifye li yo pa plis pase 700 konpayi.
- Gouvènè Cuomo te lanse yon pwogram prè yon “Bridge a Success” nan mas 2014 pou investi omwen \$20 milyon dola pou elaji aksè a prè bridge akoutèm pou MWBE yo. Pwogram lan pral bay MWBE kalifye yo resous akoutèm yo bezwen pou patisipe nan jiska \$1 milya nan posiblite kontra ak Eta New York. Jiska dat, konpayi prè ki te patisipe nan pwogram Bridge a Success te deja fè 23 prè ki totalize \$2.9 milyon dola pou MWBE sètifye NYS nan kontra avèk ajans eta.
- Gouvènè Cuomo te lanse Pwogram Eta New York Mentor Biznis nan mwa Me 2014. Business Mentor NY se yon pwogram konsèy gratis ki konekte pwofesyonèl volontè biznis yo a MWBE ak ti biznis yo pou ede yo adrese defi spesyal ak obstak a siksè. Asistans ak konsèy endividyèl yo pral konplete rezo aktyèl founisè asistans finansye ak teknik eta a kap ede pwopriyetè ak kominote yo reyalize tout potansyèl ekonomik yo. Depi lansman pwogram lan, preske 1,200 konseye ak antreprenè te enskri nan platfòm Biznis Mentor NY. Sa a enkli preske 500 pro bono pwofesyonèl biznis, tankou avoka, kontab, konsiltan ak lòt antreprenè ak espesyalis nan domèn finans, lavant andetay, kominikasyon, enfòmasyon teknoloji, resous imen ak pèsònèl, relasyon piblik, lavant ak maketing, ki te volontè kòm konseye.

Ekip MWBE Gouvènè a gen ladan ofisyèl eli, dirijan biznis ak akademik, ak manm kabinè Gouvènè a, ak administrasyon an ki endike anba la a:

- William C. Thompson, Jr., Prezidan Ekip MWBE

Haitian Creole

- Alphonso B. David, Sekretè adjwen ak konseye pou dwa sivil, Biwo Gouvènè Eta New York
- Mecca Santana, Ofisye responsab divèsite, Biwo Gouvènè Eta New York
- Senatè Martin Malavé Dilan, Distri 18
- Senatè Bill Perkins, Distri 30
- Senatè Adriano Espaillat, Distri 31
- Senatè Ruth Hassell-Thompson, Distri 36
- Senatè Elizabeth Little, Distri 45
- Senatè Patricia Ritchie, Distri 48
- Manm Asanble Earlene Hooper, Distri 18
- Manm Asanble Nick Perry, Distri 58
- Manm Asanble Robert Rodriguez, Distri 68
- Manm Asanble Keith Wright, Distri 70
- Manm Asanble Crystal Peoples-Stokes, Distri 141
- Destito, Manm Komisyon, Biwo Sèvis Jeneral
- Joan McDonald, Manm Komisyon, Depatman Transpò
- Robert L. Megna, Direktè Bidjè, Divizyon Bidjè a
- Peter M. Rivera, Komisyonè, Depatman Travay
- Darryl C. Towns, Komisyonè ak PDG | NYS Homes & Community Renewal
- Paul T. Williams Jr., Prezidan ak Direktè Jeneral, DASNY
- Nancy L. Zimpher, Rektè State University of New York
- Walter Broadnax, Distenge Pwofesè Administrasyon Piblik ak Afè Entènasyonal, Maxwell School Syracuse University
- William Castle, Ofisye Responsab Divèsite, Xerox Corporation
- Francis, Prezidan Konsèy Administrasyon, Council of Urban Professionals (CUP)
- Garner, Ofisye Responsab Divèsite, Metropolitan Transit Authority
- Sandra Wilkin, Prezidan Emerit, Women Builders Council, Inc.
- Jacqueline Williams, Kowòdonatè, MWBE Coalition

###

Wa p jwenn lòt nouèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
 PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE

Haitian Creole